

## **MITOS PETILASAN PANGERAN SAMBER NYAWA (RADEN MAS SAID) WONTEN ING ASTANA MANGADEG DESA GIRILAYU KECAMATAN MATESIH KABUPATEN KARANGANYAR PROVINSI JAWA TENGAH**

### **MYTH OF TRACE OF PANGERAN SAMBER NYAWA (RADEN MAS SAID) IN ASTANA MANGADEG GIRILAYU VILLAGE MATESIH SUBDISTRICT KARANGANYAR REGENCY CENTRAL JAVA**

Dening: Rinta Aryanti, Prodi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta

#### **Sarining Panaliten**

Panaliten menika ngewrat tigang ancas panaliten (1) ngandharaken wujudipun *mitos* ing petilasanipun Pangeran Samber Nyawa wonten ing Desa Girilayu, Kecamatan Matesih, Kabupaten Karanganyar, (2) supados mangertos upacara tradhisi ingkang wonten ing petilasanipun Pangeran Samber Nyawa wonten ing Desa Girilayu, Kecamatan Matesih, Kabupaten Karanganyar, (3) supados mangertos pamanggihipun masarakat Desa Girilayu saha paedahipun tumrap *mitos* ing petilasanipun Pangeran Samber Nyawa wonten ing Desa Girilayu, Kecamatan Matesih, Kabupaten Karanganyar. Panaliten menika ngginakaken *metode* panaliten *kualitatif* kanthi *pendekatan naturalistik*. Cara ingkang dipunginakaken kangge ngempalaken data wonten ing panaliten inggih menika ngginakaken *teknik observasi (pengamatan)*, wawancara *mendalam*, saha *dokumentasi*. Instrumen panaliten inggih menika panaliti piyambak kanthi ngginakaken piranti *tape recorder* saha *kamera foto*. Analisis data ingkang dipunnginakaken inggih menika *teknik analisis induktif*. Caranipun ngesahaken menika ngginakaken *triangulasi sumber* saha *metode*. Asiling panaliten inggih menika masarakat wonten ing Desa Girilayu taksih ngugemi *mitos* ingkang wonten ing papan petilasanipun Pangeran Samber Nyawa. Kathah sebab ingkang mangaribawani masarakat wonten ing Desa Girilayu inggih menika raos pitados menawi ngugemi *mitos* menika saged nuwuhaken tentreming batos ugi menawi ngugemi *mitos* menika saged nyaketaken dhumateng Gusti Ingkang Maha Kuwaos saha pinaringan kawilujengan menawi ngugemi *mitos* menika. Upacara tradhisi ingkang wonten ing petilasan Pangeran Samber Nyawa inggih menika upacara tradhisi kemis legi, nyadran, saha suran. Kathah paedah wonten ing salebeting *mitos* mliginipun kangge masarakat ingkang ngugemi *mitos* menika. Paedah *mitos* inggih menika kangge spiritual, sosial, nglestantunaken budaya utawi tradisi, saha ekonomi. Masarakat Desa Girilayu menika wonten ingkang pitados ugi wonten ingkang mboten pitados menika gumantung kapitadosan piyambak-piyambak.

Pamijining tembung: *Mitos*

#### **Abstract**

*This research has three aims which are (1) to mention and to explain the form of myth in the trace of Pangeran Samber Nyawa Girilayu Village, Matesih Subdistrict, Karanganyar Regency, (2) to know the traditional ceremony in the Trace of Pangeran Samber Nyawa Girilayu Village, Matesih Subdistrict, Karanganyar Regency, and (3) to know the people of Girilayu Village's opinion along with the myth's function in the trace of Pangeran Samber Nyawa Girilayu Village, Matesih Subdistrict, Karanganyar Regency. This research uses qualitative research with naturalistic approach. The techniques of data collection are observation, in-depth interview, and documentation. The research instrument is the researcher assisted by a tape recorder and camera, while the data were analyzed by using inductive analysis technique. Validity of the data uses source and method triangulation. The research finding shows that people of Girilayu Village still believe and perpetuate the myth in the trace of Pangeran Samber Nyawa. It is caused by many reasons and one of them is it can emerge peaceful mind and can make the people feeling close to the God. The traditional ceremonies in the trace of Pangeran Samber Nyawa are Kemis Legi, Nyadran, and Suran. There are many myth function for the people who believing and perpetuating it. Those myth functions are spiritual and social function, perpetuating culture, and economical function. Some people of Girilayu Village believe the myth, but some others do not. However it definitely depends on the self belief.*

## PURWAKA

Awit jaman rumiyin masyarakat Jawi amarisi kabudayan ingkang adi luhung. Kabudayan ingkang adi luhung menika katitik saking kathahipun tetilaran ingkang dipunwarisaken saking generasi rumiyin dhateng generasi salajengipun. Wonten ing jaman samenika, asring dipunpanggihaken *mitos* ingkang taksih gesang saha ngrembaka ing masarakat. *Mitos* menika asring dipunpanggihaken wonten masarakat ing tlatah tartamtu salah satunggalipun inggih menika *mitos* ingkang wonten ing Petilasan Pangeran Sember Nyawa (Raden Mas Said) Wonten Ing Astana Mangadeg Desa Girilayu Kecamatan Matesih Kabupaten Karanganyar.

*Mitos* minangka samubarang ingkang kedah dipunugemi, amargi dipunpitados saged nuwuhaken perkawis ingkang awon kangge sinten kemawon ingkang nerak *mitos* menika. Salah satunggaling *mitos* ingkang dumugi samenika taksih dipunugemi dening masarakat mliginipun masarakat Girilayu, inggih menika *mitos* ingkang dumunung wonten ing petilasanipun Pangeran Sember Nyawa ing Desa Girilayu, Kecamatan Matesih. Awit saking menika, panaliti ngrembag bab *mitos* supados *mitos* menika saged lestantun saha masarakatipun boten nerak *mitos* menika. Sasanesipun menika, supados masarakat sakiwa tengenipun saged mangretos wujudipun *mitos*.

## GEGARAN TEORI

Tembung “kabudayan” menika asalipun saking basa Sanskerta *buddhayah*, wujud jamak saking buddhi ingkang tegesipun inggih menika ‘budi utawi akal’, saengga kabudayan saged dipunwastani perangan ingkang wonten

gegayutanipun kaliyan akal (Koentjaraningrat, 2009: 146). Miturut Rahyono (2009: 15) ingkang dipunwastani kabudayan inggih menika piranti kangge *pemersatu* kelompok wonten ing *proses komunikasi* saha *interaksi* antawisipun anggota masyarakat kabudayan. Miturut ilmu antropologi lumantar (Koentjaraningrat, 2009: 144) kabudayan inggih menika sedaya sistem gagasan, tindakan saha asil karyanipun manungsa wonten ing pagesangan. Saking pamanggih ing nginggil saged dipunpendhet dudutanipun, bilih kabudayan menika sedaya gagasan saha asil karyanipun manungsa ingkang migunakaken akal saha saged dipunginakaken kangge piranti ngempalaken kelompok antawisipun anggota masyarakat kabudayan.

Tembung *folklor* menika asalipun saking basa Inggris inggih menika *folklore*, ingkang kasungsun saking tembung *folk* saha *lore*. Miturut Alan Dundes (Danandjaja, 2007:1), *folk* inggih menika satunggaling *klompok* manungsa ingkang gadhah ciri pitepangan *fisik*, sosial, saha kabudayan, satemah saged dipunbedakaken kaliyan kelompok sanes. Titikan menika antawisipun awujud warni kulit ingkang sami, wujudipun rikma ingkang sami, padamelan ingkang sami, basa ingkang sami, tingkat pendidikan ingkang sami, saha agama ingkang sami. Dados *folk* menika sami tegesipun *kolektif*. *Lore* inggih menika tradisi ingkang *folk*, inggih menika saperangan saking kabudayan, ingkang dipunwarisaken kanthi turun-tumurun mawi cara lisan utawi satunggaling tuladha ingkang sesarengan kaliyan *gerak isyarat* utawi piranti ingkang biyantu ngemutaken (*mnemonic device*).

Miturut Sweeney (Endraswara, 2010:3) bilih *folklor* menika awujud unen-unen “*orang bodoh*”.

Saking andharan pangertosan *folklor* menika saged dipunpendhet dudutanipun bilih *folklor* inggih menika perangan kabudayan ingkang *kolektif*, saha misuwur sarta dipunwarisaken turun-tumurun saking tradisi, lumantar tembung-tembung saking tradisi *lesan* menapa dene saking *praktik* adat-istiadat ingkang dados dhasaring cariyos rakyat. *Mitos* petilasan Pangeran Sember Nyawa ing Desa Girilayu, Kecamatan Matesih menika kalebet salah satunggaling wujud *folklor*.

Miturut Jan Harold Brunvand (Danandjaja, 2007:21-22) *folklor* kaperang dados 3 klompok inggih menika *folklor* lisan, *folklor* saperangan lesan saha *folklor* boten lesan. Wujudipun *mitos* ingkang wonten ing Petilasan Pangeran Sember Nyawa menika kalebet foklor saperangan lisan, amargi *mitos* Petilasan Pangeran Sember Nyawa menika dipunandharaken kanthi lisan saha *non* lisan. Wujud foklor ingkang wonten ing salebeting *mitos* Petilasan Pangeran Sember Nyawa inggih menika cariyos *prosa* rakyat, kapitadosan rakyat saha adat istiadat.

Miturut Bascom (Endraswara, 2013: 3), paedahing *folklor* inggih menika (1) minangka sistem *proyeksi* inggih piranti kangge ngukur angen-angen ingkang *kolektif*. (2) minangka piranti kangge ngesahaken pranata saha *lembaga* kabudayan. (3) minangka piranti kangge ndhidhik lare. (4) minangka piranti ginakaken kangge ngiket tuwin ngawasi supados norma-norma masarakat dipuntindhakaken dening masarakat *kolektif*-ipun.

Saking andharan menika saged kapendhet dudutanipun bilih paedahing *mitos* inggih menika piranti kangge ngatur pasrawungan, paugeran, norma, solah bawa, saha pagesangan satemah saged mujudaken pagesangan masarakat Jawi utawi klompok *kolektif* ingkang ayem saha tentrem.

Salah satunggaling wujud folklor inggih menika tradhisi. Tradhisi inggih menika adat kebiasaan turun temurun (saking nenek moyang) ingkang taksih dipuntindakaken wonten ing masarakat (KBBI, 2001:1208). Upacara ingkang asring dipunlampahi wonten ing Petilasan Pangeran Sember Nyawa inggih menika upacara tradhisi kemis legi selapan dinten sepisan lajeng ingkang taunan wonten tradhisi nyadran saha suran kanthi prosesipun sami inggih menika dzikir tahlil sesarengan.

*Tradhisi* Kemis Legi inggih menika salah satunggaling *Tradhisi* masarakat ingkang sampun dados kabiasaan saha taksih dipuntindakaken dening masarakat Jawa. *Tradhisi* Kemis Legi inggih menika *aktifitas* ingkang taksih dipuntindakaken sacara turun-tumurun kanthi cara dhateng ing pasarean- pasarean utawi papan ingkang dipunanggep keramat saha gadhah kekiyatan gaib kangge ancas tartamtu. Papan-papan ingkang dipunanggep keramat saha gadhah kekiyatan gaib inggih menika papan ingkang jarang dipundhatengi tiyang utawi pasarean keramat. Salah satunggaling pasarean ingkang taksih dipundhatengi dening masarakat minangka papan *Tradhisi* Kemis Legi inggih menika petilasan Pangeran Sember Nyawa.

Nyadran inggih punika salah satunggaling prosesi adat budaya Jawi ingkang awujud

kagiyatan satunggal taun sapisan wonten ing wulan Ruwah sasampunipun tanggal 15 dumugi saderengipun wulan Ramadhan, wiwit saking resik-resik makam leluhur, damel dhaharan tartamtu kados ta apem, ater-ater saha slametan utawi kendhuri.

Tradhisi sadranan menika sampun lumaku wiwit jaman Majapahit dumugi sapunika. Pakurmatan kangge leluhur taksih lestantun saha dipunpepetri dening masarakat, khususipun wonten ing Petilasan Pangeran Samber Nyawa. Nyekar wonten ing wulan Ruwah gadhah piwucal dhateng putra wayah supados sami tresna saha eling dhateng leluhur. Saking tradhisi sadranan menika, awit bilih masarakat pitados kesaktian-kesaktian Raden Mas Said, pramila saben wulan ruwah wonten ing Petilasan Pangeran Samber Nyawa menika boten nate nilaraken tradhisi nyadran, dados kedah tetep ngawontenaken ritual-ritual tradhisi menika ing wulan ruwah.

Miturut Purwadi (2005 : 26), Suran mujudaken tradhisi warsa enggal Jawi. Masarakat Jawi mengeti 1 Sura kanthi maneka warni cara, antawisipun wonten ingkang semedi, kungkum, lampah bisu, tirakatan ing papan-papan ingkang kaanggep wingit utawi ing pasareyan lan sapanunggalanipun. Wonten ing wulan menika, tiyang Jawi jaman rumiyin sami nindakaken tirakatan ngirang-ngirangi supados pikantuk kanugrahan saking ngersaning Gusti kanthi lampah ngibadah ingkang kusus, siam, lan nebihaken saking pakulinan- pakulinan ingkang asipat karemenan kadonyan. Wulan Sura menika kaanggep wulan ingkang linangkung kangge nyaketaken kaliyan Gusti Allah SWT.

wonten ing Petilasan Pangeran Samber Nyawa masarakat pitados kesaktian-kesaktianipun Pangeran Samber Nyawa mila kanthi makaten rutin ngawontenaken upacara Suran. Kanthi ngawontenaken upacara menika, salah satunggaling *mitos*ipun wonten ing Petilasan Pangeran Samber Nyawa menika, bilih sok sintena kemawon ingkang kanthi suka lila nindakaken upacara wilujengan wulan kangge sesembahan kanthi ikhlas, tiyang kasebat badhe pikantuk kawilujengan ingkang sae.

Miturut Eliade (Minsarwati, 2002: 22) tembung *mitos* asalipun saking basa Inggris "myth" ingkang tegesipun cariyos ingkang dipun-*rekayasa*. Ing basa Yunani dipunsebut "muthos" ingkang gadhah teges bab Tuhan saha *Suprahuman Being*. Miturut Minsarwati (2002: 18), *mitos* menika dipunpitados minangka salah satunggaling kedadosan wonten ing jaman rumiyin ingkang dipunginakaken wonten ing jaman samangke. Miturut Endraswara (2010: 89-91), *mitos* minangka satunggaling perangan *folklor*.

Saking andharan ing nginggil saged dipunpendhet dudutanipun bilih *mitos* menika kalebet perangan saking *folklor*. *Mitos* inggih menika kedadosan wonten ing jaman rumiyin, ingkang dipunginakaken wonten ing pagesanganing tiyang wonten jaman samangke.

Pangeran Samber Nyawa menika nama sanes saking Raden Mas Said Raja Istana Puri Mangkunegaran Surakarta, ingkang kasuwur kathah kasektenipun, sanjata menapa kemawon badhe tambar menawi tumawa ing sariranipun, lan boten cidra ing salebeting jiwo, mila kanthi makaten pasukan Walandi kuwalahan ngadepi

pasukan ingkang dipunpandegani Raden Mas Said (*Yayasan Mangadeg, 1974 :6*). Karana saking kathahipun pasukan ingkang ngadepi Raden Mas Said saged tumpes sedaya, ngantos walandi paring nama dhateng Raden Mas Said inggih menika Alap-alap Sumber Nyawa ingkang misuwur dumugi samenika kanthi nama Pangeran Sumber Nyawa.

Masyarakat wonten ing sakiwa tengenipun papan Pangeran Sumber Nyawa (Raden Mas Said) menika pitados kaliyan *mitos* ingkang wonten ing petilasan Pangeran Sumber Nyawa (Raden Mas Said). Salintunipun *mitos* menika ugi wonten *mitos* pantangan ingkang boten angsal dipunlampahi wonten ing sakiwa tengenipun Petilasan Pangeran Sumber Nyawa (Raden Mas Said) menika, menawi wonten ingkang nglanggar pantangan menika bakal kedadosan perkawis ingkang boten ngremenaken.

## CARA PANALITEN

Panaliten bab *mitos* Petilasan Pangeran Sumber Nyawa (Raden Mas Said) Wonten Ing Astana Mangadeg Desa Girilayu Kecamatan Matesih Kabupaten Karanganyar Provinsi Jawa Tengah menika ginakaken *metode* panaliten *kualitatif naturalistik*. Panaliten *naturalistik* sipatipun *natural*, boten wonten *manipulasi data*, boten saged dipunatur *eksperimen* utawi *test* (Nasution, 2003: 18), awit saking menika panaliten menika kanthi *mendalam* “*Natural Setting*” dados *metode*-nipun ngginakaken *metode naturalistik*. Kanthi tembung sanes, panaliten *naturalistik* inggih menika *metode ilmiah* ingkang ngusahaken supados mangertosi kawontenan saleresipun ingkang *tertutup* utawi *tersembunyi*,

ingkang dipunjajari saking wontenipun cariyos kanthi *lisan* utawi seratan ingkang dipundamel kaliyan tiyang ing jaman rumiyin bab kedadosan nyata ingkang kanthi cara ingkang kirang nata (Sukandi, 2006: 3). Saking andharan woten ing nginggil, *mitos* Petilasan Pangeran Sumber Nyawa (Raden Mas Said) Wonten Ing Astana Mangadeg Desa Girilayu Kecamatan Matesih Kabupaten Karanganyar Provinsi Jawa Tengah ngginakaken *metode* panaliten *kualitatif naturalistik* amargi panaliten menika ngandharaken kadadosan nyata saking cariyos ingkang dipunpanggihaken kanthi lesan menapa dene sinerat. *Data* ingkang dipunpanggihaken menika awujud tetembungan utawi ukara.

*Setting* panaliten menika katindhakaken wonten ing Astana Mangadeg Desa Girilayu Kecamatan Matesih Kabupaten Karanganyar Provinsi Jawa Tengah. Desa Girilayu menika salah satunggaling Desa wonten ing Kecamatan Matesih Kabupaten Karanganyar Provinsi Jawa Tengah, ingkang taksih ngugemi tradisi kejawen ugi nyengkuyung tradisi menika.

Sumber *data* panaliten wonten ing panaliten menika inggih *informan*. *Informan* menika dipunperang dados kalih, inggih menika *informan saha informan pokok*. Wondene anggenipun nemtokaken *informan* wonten ing panaliten menika ngginakaken cara *snow-ball sampling*. Panaliti pados relawan wonten ing lapangan, inggih menika tiyang ingkang saged dipunajak wawancara, lajeng dipunpanggihaken *data*. Saking menika ugi dipunpanggihaken sampel utawi *subjek*, saking *rekomendasi* menika panaliti nglajengaken wonten *subjek* sanesipun. Wondene cacahing sampel boten winates, ingkang

*baku* sampun jangkep *datanipun* saha dumugi “*data jenuh*”, inggih menika boten manggihaken malih *informasi* ingkang beda saking *subjek* panaliten.

Jinising *data* wonten ing panaliten menika *data primer* saha *data sekunder*. *Data primer* inggih menika *data* ingkang kapendhet saking *pengamatan langsung* kaliyan wawancara dening *informan* ingkang sampun dipunpilih, saha dokumentasi. *Informan* kasusun saking bapak Wignyo Suparno minangka juru kunci petilasan Pangeran Sumber Nyawa saha saperangan masarakat Desa Girilayu ingkang mangertos bab *mitos* menika. *Data sekunder* inggih menika dipunpendhet saking buku.

Cara kangge ngempalaken data wonten ing panaliten inggih menika *pengamatan*, wawanpangandikan *mendalam* saha *dokumentasi*. Wondene andharan bab cara ngempalaken data menika dipunandharaken ing ngandhap menika.

### 1. *Pengamatan Berperanserta*

*Pengamatan berperanserta* menika dipuntindakaken kangge mangretosi mitos-mitos ing petilasan Pangeran Sumber Nyawa.

### 2. *Wawanpangandikan mendalam*

Wawanpangandikan *men-dalam* menika wigati minangka *data kualitatif* saha anggenipun nyerat asilipun panaliten. Wawanpangandikan *mendalam* kedahipun kanthi luwes, boten grusah-grusuh saha ngginakaken pituduh menapa ingkang badhe dipunuwunaken pirsu kaliyan *narasumber*.

### 3. *Dokumentasi*

*Dokumentasi* panaliten menika kangge njangkepi *data-data* saking wawancara, inggih menika ingkang arupi cathetan asling wawancara

ing lapangan, rekaman wawancara, foto-foto kegiatan masarakat Desa Girilayu lajeng kangge gambaran kawontenan Desa Girilayu menika.

Adhedhasar *teknik* pangem-palan *data* ingkang dipungarap kanthi *observasi* saha wawanpangandikan, pramila pirantining panaliten inggih menika panaliti piyambak, tegesipun panaliti ingkang dados piranti kangge ngempalaken data. Dene *data* panaliten menika saged dipunbiyantu kanthi piranti ing ngandhap menika.

1. *Kamera digital*, dipunginakaken kangge mendhet *dokumentasi* awujud foto menapa kemawon ingkang dipunbetahaken kangge panaliten.
2. *Voice recorder*, ingkang dipunginakaken kangge ngrekam swanten *informan* ing wawanpangandikan.
3. Buku cathetan, dipunginakaken kangge nyathet sadaya ingkang awujud seratan saking *informan*. Cathetan menika awujud pitakenan kangge wawanpangandikan. Pitakenan menika dipunginakaken kangge ndhudhah utawi ngandharaken asiling wawanpangandikan dhateng sesepuh saha masarakat.

Caranipun nganalisis data ingkang dipunginakaken inggih menika analisis induktif, ateges analisis data ingkang spesifik saking lapangan dipundadosaken unit-unit lajeng dipunkategorisasikaken.

Caranipun ngesahaken *data* wonten ing panaliten menika dipunginakaken kanthi cara *triangulasi*. *Triangulasi* inggih menika cara ngesahaken *data* kangge ngecek utawi nandhingaken satunggal *data* kaliyan *data* sanesipun (Moleong,1996: 178). Cara *triangulasi* miturut pamanggihipun Endraswara (2010: 107)

jinisipun wonten tiga inggih menika *triangulasi data/sumber*, *triangulasi metode*, saha *triangulasi teori*. Wonten ing panaliten *kualitatif*, *triangulasi* menika ngrujuk dhateng pangempalan data sakathahipun saking sumber menapa kemawon (manungsa, alam, sarta prastawa) saking metode menapa kemawon.

Cara *triangulasi* ingkang dipunginakaken inggih menika cara *triangulasi sumber* sarta *metode*. Miturut Endraswara (2006: 110) cara *triangulasi sumber* inggih menika pados *data* saking mapinten-pinten *informan*, tiyang ingkang katingal gadhah gegayutan langsung kaliyan *obyek kajian* utawi *obyek* ingkang dipuntaliti. Miturut Endraswara (2006:110) *triangulasi metode* inggih menika panaliten ingkang dipunlampahi kanthi cara nandhingaken *data ganda* inggih menika arupi pengamatan, wawanpangandikan, saha *analisis dokumen*.

## **ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN**

Desa Girilayu menika kalebet wonten ing wewengkon kecamatan Matesih Kabupaten Karanganyar menika satunggaling Desa saking 9 Desa wonten ing Kecamatan Matesih. Papanipun wonten ing sisih wetan saking kecamatan Matesih, saking ibukota kabupaten Karanganyar tebihipun kirang langkung 17 Km lan saking ibukota kecamatan kirang langkung 5 Km. Desa Girilayu dipunperang dados 5 Dusun inggih menika dusun Merakan, dusun Girilayu, dusun Wetan Kali, dusun Sebran, lan dusun Bati, sarta dipunperang dados 32 Rukun Tangga lan 12 Rukun Warga. Desa Girilayu kalebet desa ingkang makmur pagesanganipun, menika gayut kaliyan *mata*

*pencapaian* masarakatipun ingkang saged njangkepi kabetahan sandhang, pangan, saha papan. Masarakat Desa Girilayu padamelanipun menika maneka warni wonten ingkang dados tani, buruh tani, wiraswasta, lan sapanunggalanipun. Awit saking menika, Desa Girilayu kalebet desa *agraris*, ingkang masarakatipun kathah ingkang nyambut damel dados tani saha buruh tani.

Adhedhasar *data* monografi tahun 2016 menika saged dipunpirsani bilih *mayoritas* masarakat Desa Girilayu menika agamanipun agama Islam.

Astana Mangadeg mapan wonten ing Desa Girilayu Kecamatan Matesih minangka kompleks makam Raja-raja saking istana Mangkunegaran Surakarta, Raja-raja Mangkunegaran menika ingkang dipunmakamaken wonten ing Astana Mangadeg inggih menika Raja Mangkunegaran kaping I utawi ingkang asring dipunsebut kanthi nama Pangeran Sember Nyawa (Raden Mas Said) ingkang gadhah kasekten sekti mandraguna. Wonten ing Astana Mangadeg ugi wonten Makam-makamipun Raja Mangkunegaran kaping II, III sarta sedherek-sedherekipun.

Mitos ing Petilasanipun Pangeran Sember Nyawa menika wontenipun sampun turun temurun saking leluhuripun masarakat Desa Girilayu. Milabikanipun wonten mitos menika saking kadadosan ing jaman rumiyin ingkang dipuntitoni dening para leluhur saha generasinipun dumugi samenika. Sadaya prastawa ing jaman rumiyin menika dipunturunaken saha dipunpitadosi dening para masarakat ing Desa Girilayu sarta menawi wonten masarakat ingkang nerak mitos-mitos menika ugi pitados bilih badhe nemahi kacilakan.

Wujud *Mitos* ing Petilasanipun Pangeran Samber Nyawa (Raden Mas Said) wonten ing Astana Mangadeg Desa Girilayu inggih menika:

*Mitos* ing Petilasanipun Pangeran Samber Nyawa (Raden Mas Said) wonten ing Astana Mangadeg Desa Girilayu taksih dipunanggep sakral kaliyan masarakat Girilayu saha para peziarah, salah satunggaling *mitos* ingkang taksih dipunugemi inggih menika *mitos* boten angsal *foto* petilasanipun Pangeran Samber Nyawa. Amargi Pangeran Samber Nyawa menika wiwit jaman rumiyin dumugi samenika ugi boten wonten fotonipun, ngantos ing Petilasanipun kemawon boten kepareng dipunfoto. Pihak saking Praja Mangkunegaran menika ugi weling saha sampun damel aturan dhateng sinten kemawon wonten ing Petilasan Pangeran Samber Nyawa menika boten kepareng mendhet fotonipun, samangke menawi nerak *mitos* menika saged nuwuhaken memala. Pramila saking makaten masarakat Desa Girilayu saha para peziarah taksih pitados kaliyan *mitos* menika, amargi menawi nerak *mitos* menika saged nemahi kacilakan utawi sambekala.

Masarakat Desa Girilayu taksih pitados kaliyan *mitos* boten kepareng ngawontenaken pagelaran ringgit wacucal, amargai *mitos* menika wonten pangribawanipun. Kadosdene ing jaman rumiyin wonten prastawa ingkang kirang ngremenaken kadosta jawah ageng sanget, lajeng ingkang boten ngremenaken malih menika kulawarganipun yuswanipun boten dangu lajeng sami seda tumpes sedaya kulawarganipun nalika masarakat badhe mentasaken ringgit wacucal. Pramila saking makaten *Mitos* menika taksih ngrembaka dumugi samenika amargi menawi

ingkang wantun nerak *mitos* menika bakal nemahi kacilakan utawi sambekala.

Papan petilasan Kanjeng Gusti Pangeran Samber Nyawa wonten ing Astana Mangadeg dipunpitados kaliyan masarakat Desa Girilayu menika papan ingkang dipunajeni sanget. Sanajan Makam ananging wonten tata kramanipun, saha kedah manut aturan. Wonten *mitos* ingkang taksih dipunugemi dening masarakat Desa Girilayu inggih menika menawi damel griya boten kepareng madhep ngaler, utawi boten kepareng ngungkuraken Astana Mangadeg, karena ingkang wonten ing astana Mangadeg menika tiyang ageng, dados tiyang alit menika sampun ngantos wingkingi tiyang ageng. Menawi wonten tiyang ingkang wantun damel griya wingkingi redi Mangadeg menika bakal kenging sambekala.

Papan petilasan Pangeran Samber Nyawa dipunpitados kaliyan masarakat Desa Girilayu menika papan ingkang keramat ugi gadhah kekuatan ghaib, gayut kaliyan menika wonten satunggaling *mitos* ingkang taksih ngrembaka dumugi samenika inggih menika *mitos* boten angsal ngaruh-aruhi papan petilasan Pangeran Samber Nyawa.

*Mitos* boten kepareng ngendhika awon wonten ing papan petilasan Pangeran Samber Nyawa menika salahsatunggaling *mitos* ingkang sampun wonten awit jaman rumiyin. *Mitos* menika ngrembaka kanthi cara turun-tumurun mawi lisan, mila *mitos* boten kepareng ngendhika awon wonten ing papan petilasan Pangeran Samber Nyawa menika taksih lestantun saha dipunugemi dening masarakat mliginipun masarakat ingkang wonten ing Desa Girilayu.



Ing Desa Girilayu wonten tradhisi ingkang sampun dipunlampahi awit jaman rumiyin dumugi samenika, tradhisi kasebat inggih menika tradhisi ziarah ing petilasanipun Pangeran Samber Nyawa. Tradhisi ziarah menika nuwuhaken satunggaling *mitos* ingkang dipunugemi dening masarakat Desa Girilayu saha masarakat sanesipun, *mitos* kasebat inggih menika *mitos* ngintun donga ing papan petilasanipun Pangeran Samber Nyawa menika kepinginanipun bakal kasembadan.

Ing wulan suro wonten petilasan Pangeran Samber Nyawa sami ngantu-antu tumuruning wahyu saking Pangeran, amargi masarakat desa Girilayu saha peziarah pitados bilih wonten mitos ing Petilasan Pangeran Samber Nyawa menika sami ngadhang wahyu tumuruning pangeran, kangge ngalap berkah supados panyuwunanipun saged kasembadan saha dipunpitados bilih murih gancar rejekipun, usahanipun sukses, wonten malih para pejabat supados minggah derajat lan pangkatipun, saengga wonten ing Astana Mangadeg Petilasan Pangeran Samber Nyawa menika menawi wulan sura baludak peziarahipun.

Samenika wonten *mitos* tiyang ingkang badhe ziarah dhateng Petilasanipun Pangeran Samber nyawa menawi badhe mlebet dhateng Petilasan Pangeran Samber Nyawa menika kedah ngormati Raja, lajeng paring pakurmatan dhateng Raja saha sowan utawi marak kanthi tatacaranipun ngabekten ingkang sampun lumampah. Salah satunggaling tata krama pisuanan menawi ziarah kubur menika wonten tata kramanipun, amargi menika Petilasanipun Raja Mangkunegaran dados kedah dipunajeni lan boten angsal tumindhak ingkang sembrono. Amargi samangke menawi nerak mitos menika saged katemahan memala.

Wonten ing Petilasan Pangeran Samber Astana Mangadeg menika wonten satunggaling *mitos* ingkang taksih ngrembaka dumugi samenika, *mitos* kasebat inggih menika sesajen toya bening ingkang kathah sanget khasiatipun saha dipunpitados toya barokah ingkang gadhah khasiat kangge menapa kemawon salah satunggaling toya suci ingkang saged ndadosaken perantara obat penyakit, paningkatan kecerdasan utawi penangkal saking mara bahaya, sarta maneka warni khasiat sanesipun. Mitos menika sami dipunpitados masarakat desa Girilayu saha para peziarah.

Papan Petilasan Pangeran Samber Nyawa dipunpitados kaliyan masarakat Desa Girilayu menika papan ingkang gadhah kakiyatan *ghaib*. Wonten ing Papan Petilasan Pangeran Samber Nyawa kathah peksi utawi sato menapa kemawon ingkang mabur ing sainggilipun cungkup petilasanipun Kanjeng Gusti Pangeran Samber Nyawa mesthi kemawon pejah saha dumawah, amargi papanipun menika dipunpitados papan ingkang sakral sanget. Menika ugi karena saking ampuhipun kasektenipun Pangeran Samber Nyawa saking *pancaran supernatural*. *Mitos* wonten ing Petilasan Pangeran Samber Nyawa ingkang misuwur menika rikala jaman samanten kathah peksi utawi sato ingkang mabur sainggilipun cungkup petilasanipun Kanjeng Gusti Pangeran Samber Nyawa mesthi kemawon pejah saha dumawah.

*Mitos* boten kepareng mendhet kajeng wonten ing Astana Mangadeg menika salahsatunggaling *mitos* ingkang sampun wonten awit jaman rumiyin. *Mitos* menika ngrembaka kanthi cara turun-tumurun mawi lisan, mila *mitos*

boten kepareng mendhet kajeng wonten ing Astana Mangadeg saha ing papan petilasan Pangeran Sember Nyawa menika taksih lestantun saha dipunugemi dening masarakat mliginipun masarakat ingkang wonten ing Desa Girilayu. Amargi menawi wonten tiyang ingkang nglanggar mitos menika saged nuwuhaken sambekala.

Samenika ugi wonten *mitos* ing Astana Mangadeg menika boten kepareng mbedhil kewan-kewan. Menawi nerak *mitos* menika saged nuwuhaken pacobaning pagesangan ugi sambekala kangge masarakat desa girilayu saha kangge masarakat sinten kemawon.

Menawi wonten tiyang estri ingkang nembe haid wantun mlebet dhateng Petilasan Pangeran Sember Nyawa menika bakal kening sambekala kados dene tiyang ingkang mlebet kalawau gerah boten mantun-mantun, mumet, padharanipun sakit lan sapanunggalanipun. Saking Prasatawa wonten ing nginggil ngandharaken bilih sianosa jaman sampun majeng *mitos* menika taksih dipunugemi dening masarakat Desa Girilayu saha para peziarah awit tiyang sepuh dumugi tiyang anem, amargi menawi badhe nerak *mitos* menika masarakat pitados angsal musibah utawi sambekala.

Samenika wonten *mitos* malih inggih menika rumiyin nalika pemakamanipun Kanjeng Gusti Pangeran Sember Nyawa wonten ing Astana Mangadeg menika masarakat desa Girilayu menika sami rebutan supados saged nyepeng kendhaga laya Pangeran Sember Nyawa, amargi menika dipunpitados bilih menawi saged nyepeng kendhaga laya Pangeran Sember Nyawa samangke sampun pikantuk wahyu saking gusti Allah

Adhedhasar asiling saking observasi saha panaliten dipunpanggihaken wonten 3 upacara tradhisi ing petilasan Pangeran Sember Nyawa, Tradhisi-tradhisi kasebut minangka wujud kangge ngormati para leluhur ingkang sampun sumare ing Astana Mangadeg saha kangge ngormati mahluk halus ing redi Mangadeg supados pikantuk kaslametan lair batos, kangge ngalap berkah saha supados dipunparingi kamirahan, kamulyan saking Gusti Allah. Awal milabukanipun *mitos-mitos* menika sampun wonten wiwit jaman rumiyin ngantos dumugi samenika kedah dipunlestantunaken dening masarakat panyengkuyungipun, amargi kanthi ngugemi *mitos* menika masarakat mliginipun Desa Girilayu gadhah pangajab kanthi ngugemi *mitos* menika saged nuwuhaken kawilujengan saha tebih saking sambekala. Ing ngandhap menika badhe kaandharaken upacara tradhisi ingkang wonten ing petilasan Pangeran Sember inggih menika: Wekdal kalampahan upacara tradhisi Kemis Legi: Dipunadani saben selapan dinten sepisan inggih menika saben dinten Kemis Legi. Ubarampe : Sesajen toya bening saha sekar setaman. Prosesi & lampahing upacara tradhisi Kemis Legi:

- 1) Saderengipun upacara tradhisi Kemis Legi dipunwiwiti wonten cecawis-cecawisipun, inggih menika : Cecawis papan upacara, Cecawis sesajen toya bening, Cecawis sekar setaman.
- 2) Prosesi upacara tradhisi Kemis Legi dipunwiwiti tabuh 08.00 WIB wonten ing Pendhapa Agung Astana Mangadeg.
- 3) Upacara tradhisi Kemis Legi dipunsengkuyung dening sedaya anggota Juru Kunci, Karyawan ingkang jagi Astana Mangadeg, saha masarakat desa Girilayu.

- 4) Lajeng saderengipun badhe wiwit lampahing upacara tradhisi Kemis Legi kedah *Wudlu* saha ngagem busana Jawi ingkang sopan, menawi kakung ngagem surjan utawi batik lajeng menawi tiyang estri kedah ngagem sinjang utawi nyamping.
- 5) Lampahing upacara tradhisi Kemis Legi menika kaperang dados 3 rerangkaian inggih menika : Pambuka, Inti, Panutup.

Wekdal kalampahan upacara tradhisi nyadran : Dipunadani saben wulan ruwah inggih menika ing dinten Senen Pon. Ubarampe : Sesajen toya bening saha sekar setaman. Prosesi & lampahing upacara tradhisi nyadran:

- 1) Saderengipun upacara tradhisi Nyadran dipunwiwiti wonten cecawis-cecawisipun, inggih menika : Cecawis papan upacara, Cecawis sesajen toya bening, Cecawis sekar setaman.
- 2) Prosesi upacara tradhisi Nyadran dipunwiwiti tabuh 08.00 WIB, wonten ing Pendhapa Agung Astana Mangadeg.
- 3) Upacara tradhisi Kemis Legi dipunsengkuyung dening sedaya anggota Juru Kunci, Karyawan ingkang jagi Astana Mangadeg, sedaya kulawarga Mangkunegaran, saha masarakat desa Girilayu.
- 4) Lajeng saderengipun badhe wiwit lampahing upacara tradhisi Nyadran kedah *Wudlu* saha ngagem busana Jawi ingkang sopan, menawi kakung ngagem surjan utawi batik lajeng menawi tiyang estri kedah ngagem sinjang utawi nyamping.
- 5) Lampahing upacara tradhisi Nyadran menika kaperang dados 3 rerangkaian inggih menika : Pambuka, Inti, Panutup.

Upacara Tradhisi Suran kalampahan upacara tradhisi suran: Dipunadani saben wulan sura inggih menika ing dinten Senen Pon. Ubarampe : Sesajen toya bening saha sekar. Prosesi & lampahing upacara tradhisi suran:

- 1) Saderengipun upacara tradhisi Suran dipunwiwiti wonten cecawis-cecawisipun, inggih menika : Cecawis papan upacara, Cecawis sesajen toya bening, Cecawis sekar setaman.
- 2) Prosesi upacara tradhisi Suran dipunwiwiti tabuh 08.00 WIB, wonten ing Pendhapa Agung Astana Mangadeg.
- 3) Upacara tradhisi Suran dipunsengkuyung dening sedaya anggota Juru Kunci, Karyawan ingkang jagi Astana Mangadeg, kulawarga saking Mangkunegaran, saha masarakat desa Girilayu.
- 4) Lajeng saderengipun badhe wiwit lampahing upacara tradhisi Suran kedah *Wudlu* saha ngagem busana Jawi ingkang sopan, menawi kakung ngagem surjan utawi batik lajeng menawi tiyang estri kedah ngagem sinjang utawi nyamping.
- 5) Lampahing upacara tradhisi Suran menika kaperang dados 3 rerangkaian inggih menika : Pambuka, Inti, Panutup.

Pamanggih masarakat Desa Girilayu tumrap *mitos* ing petilasanipun Pangeran Sember Nyawa :

- a. Pamanggih saking masarakat Desa Girilayu tumrap *mitos* panyuwunan ing petilasanipun Pangeran Sember Nyawa inggih menika masarakat ngemutaken dening tiyang ingkang ziarah, supados menawi ngintun donga menika kedahipun namung dhumateng gusti Allah Swt ingkang gadhah kuwaos wonten ing donya, tiyang ingkang ziarah menika ugi ampun ngantos muja-muja papan petilsan menika amargi saged dadosaken *syirik*.
- b. Pamanggih saking masarakat Desa Girilayu tumrap *mitos* boten angsal nanggap ringgit wacucal ing kompleks Astana Mangadeg menika masarakat Desa Girilayu gadhah pamanggih bilih *mitos* menika ndadosaken masarakat Desa Girilayu mliginipun ingkang anem, dados kirang mangertosi sejarahipun mitos menika, ananging sinaosa mekaten masarakat taksih ngugemi *mitos*

kasebat ugi boten wantun nerak amargi *mitos* menika sampun wonten saking jaman rumiyin ugi menawi nerak *mitos* menika wonten pangribawanipun.

c. Pamanggih saking masarakat Desa Girilayu tumrap mitos boten kepareng mendhet foto ing Petilasanipun Pangeran Sember Nyawa menika masarakat Desa Girilayu gadhah pamanggih bilih papan Petilasanipun Pangeran Sember Nyawa menika papan ingkang sakral sanget, menika ugi Makamipun raja dados kedah ngormati, menawi tiyang Jawi kedah wonten tata kramanipun. Amargi mangke menawi mendhet fotonipun mangke ngewingkingi raja dados menika boten pareng. Kangge tiyang lare anem ing jaman samenika ugi kedah ngormati ingkang sumare wonten ing Astana Mangadeg, sampun ngantos nerak mitos menika.

d. Pamanggih saking masarakat Desa Girilayu tumrap *mitos* boten angsal damel griya ngungkuraken Astana Mangadeg bilih *mitos* menika ndadosaken masarakat Desa Girilayu masarakat taksih sami ngugemi *mitos* kasebat ugi boten wantun nerak amargi *mitos* menika sampun wonten saking jaman rumiyin, menawi nerak *mitos* menika wonten pangribawanipun.

*Mitos* wonten ing Petilasan Pangeran Sember Nyawa wonten ing Astana Mangadeg Desa Girilayu Kecamatan Matesih Kabupaten Karanganyar menika gadhah pangribawa mliginipun kangge masarakat panyekunungipun.

Paedah *spritual* menika gayut kaliyan gesang wonten ing ngalam donya ugi emut kaliyan Gusti Maha Ageng supados anggenipun nglampahi gesang menika saged ayem tentrem.

Paedah sosial saking mitos menika gayut kaliyan tumrap sesami manungsa ing ngalam donya, *mitos* wonten ing petilasan Pangeran Sember Nyawa masarakat Desa Girilayu menika

tansah guyub rukun kaliyan sesami. Paedah sosial ugi minangka sarana sosial kangge ngraketaken tali silaturahmi, solidaritas, rukun, gotong royong, kekulawargaan, komunikasi antawisipun masarakat Desa Girilayu kaliyan Praja Puro Mangkunegaran tanpa mbedakaken status sosial saha status ekonomipun

Paedah nglestantunaken budaya inggih menika gayut kaliyan tradhisi saking leluhuripun ingkang saged dipunlestantunaken mliginipun kaliyan masarakat panyekunungipun inggih menika warga Desa Girilayu. Paedah nglestantunaken budaya minangka salah satunggaling cara ingkang dipunginakaken kangge nglestantunaken budaya kanthi turun-tumurun wiwit jaman rumiyin ngantos jaman samenika mliginipun *mitos* ing petilasanipun Pangeran Sember Nyawa ing Desa Girilayu menika taksih dipunjagi kaliyan masarakat panyekunungipun. *Mitos* menika salah satunggaling warisan saking para leluhur ingkang kedah dipunlestantunaken.

Paedah *ekonomi* inggih menika gayut kaliyan tataran *pendapatan* masarakat sakiwa-tengenipun papan petilasan Pangeran Sember Nyawa ingkang langkung sae awit wonten tradhisi ziarah ing petilasanipun Pangeran Sember Nyawa.

## DUDUTAN SAHA PAMRAYOGI

Saking asiling panaliten saha piremangan ingkang sampun dipuntindakaken tumrap prakawis *mitos* Petilasan Pangeran Sember Nyawa wonten ing Astana Mangadeg Desa Girilayu Kecamatan Matesih Kabupaten Karanganyar, awit saking menika saged dipunpundhut dudutanipun wonten ing ngandhap menika:

*Mitos* Petilasan Pangeran Samber Nyawa wonten ing Astana Mangadeg Desa Girilayu Kecamatan Matesih Kabupaten Karanganyar dumugi samenika taksih dipunugemi dening masarakat, mliginipun masarakat panyengkuyungipun. *Mitos* menika gegayutan kaliyan kapitadosan ingkang boten saged dipunpeksa. *Mitos* wonten ing Petilasan Pangeran Samber Nyawa wonten ing Astana Mangadeg Desa Girilayu Kecamatan Matesih Kabupaten Karanganyar inggih menika:

1. Wonten ing salebeting *kompleks* Petilasan Pangeran Samber Nyawa boten kepareng dipun-*foto*.
2. Masarakat Desa Girilayu ing *kompleks* Astana Mangadeg boten kepareng nanggap ringgit wacucal.
3. Masarakat Desa Girilayu menawi damel griya boten kepareng madhep ngaler, utawi boten kepareng ngungkuraken redi Mangadeg.
4. Boten kepareng ngaruh-aruhi papan Petilasanipun Pangeran Samber Nyawa wonten ing Astana Mangadeg Desa Girilayu.
5. Boten kepareng ngendhika awon wonten ing sakiwa tengenipun papan Petilasan Pangeran Samber Nyawa.
6. Ngintun donga ing papan Petilasanipun Petilasan Pangeran Samber Nyawa menika kepinginanipun bakal kasembadan.
7. Ing wulan Sura wonten ing Petilasanipun Pangeran Samber Nyawa kathah sanget peziarah ingkang sami ngantu-antu tumuruning wahyu saking Pangeran wonten ing Petilasan Pangeran Samber Nyawa.
8. Menawi badhe mlebet dhateng pasareyan Petilasan Pangeran Samber Nyawa menika kedah ngormati Raja, lajeng paring pakurmatan dhateng Raja saha sowan utawi marak kanthi tatacaranipun ngabekten ingkang sampun lumampah.
9. Ing Petilasan Pangeran Samber Nyawa wonten sesajen toya bening dipunpitados sesajen toya barokah.

10. Menawi wonten peksi, walang lan menapa kemawon kewan ingkang saged mabur wonten ing nginggilipun Petilasan Pangeran Samber Nyawa menika dumawah langsung pejah.
11. Wonten ing daerah Astana Mangadeg lan Petilasan Pangeran Samber Nyawa menika boten dipunkeparengaken mendhet kajeng.
12. Boten kepareng mbedhil kewan-kewan ing Astana Mangadeg.
13. Tiyang estri ingkang nembe *haid* menika menawi sowan dhateng Petilasan Pangeran Samber Nyawa boten angsal mlebet.
14. Nalika pemakamanipun Kanjeng Gusti Pangeran Samber Nyawa wonten ing Astana Mangadeg menika masarakat desa Girilayu saged nyepeng kendhaga laya Pangeran Samber Nyawa menika sampun pikanthuk wahyu saking Gusti Allah.

Upacara tradhisi ingkang wonten ing Petilasanipun Pangeran Samber Nyawa inggih menika tradhisi kemis legi, nyadran saha suran, ingkang taksih dipunwontenaken dumugi samenika. Kanthi prosesinipun saking tradhisi-tradhisi wonten ing petilasan Pangeran Samber Nyawa menika sami rerangken upacara kaperang dados 3 inggih menika pambuka, inti saha panutup. Prosesi intinipun saking tradhisi-tradhisi menika kanthi dongakaken ingkang sampun sumare ing Astana Mangadeg saha *tahlilan* sesarengan, tuwin salam-salaman lajeng nyekar.

*Mitos* wonten ing Petilasan Pangeran Samber Nyawa wonten ing Astana Mangadeg Desa Girilayu Kecamatan Matesih Kabupaten Karanganyar menika gadhah pangribawa mliginipun kangge masarakat panyekuyungipun. Paedahing *Mitos* inggih menika paedah *spritual*, paedah *sosial*, paedah kangge nglestantunaken budaya saha paedah *ekonomi*.

*Mitos* ing petilasanipun Pangeran Samber Nyawa wonten ing Astana Mangadeg Desa Girilayu Kecamatan Matesih Kabupaten Karanganyar menika ngrembaka wonten pagesangan masarakat namung

dipunwarisaken kanthi cara lesan kemawon, satemah saged ewah amargi cara pikir saha pendhidhikan ingkang langkung majeng saged ndadosaken *mitos* menika ical kawontenanipun. Kangge njagi lestantunipun *mitos* menika, pamrayoginipun inggih menika kedahipun *generasi* muda ndherek nglestantunaken *mitos* menika, satemah *mitos* ing petilasanipun Pangeran Sumber Nyawa menika saged tetep lestantun dumugi wekdal ingkang dangu.

## KAPUSTAKAN

Danandjaya, James. 2007. *Folklor Indonesia*. Jakarta: PT Pustaka Utama Grafiti.

Departemen Pendidikan dan Kebudayaan/Pusat Bahasa. 2001. *Kamus Besar Bahasa Indonesia (Edisi ke-3)*. Jakarta: Balai Pustaka.

Elliade, Mircea. 1967. *Benjamin Nelson*. New York: Harper & Row.

Endraswara, Suwardi. 2006. *Mistik Kejawen (Sinkretisme, Simbolisme dan Sufisme dalam Budaya Spiritual Jawa)*. Yogyakarta: Narasi.

\_\_\_\_\_. 2006. *Metode, Teori, Teknik, Penelitian Kebudayaan Ideologi, epistemology, dan Aplikasi*. Sleman: Pustaka Widyatama.

\_\_\_\_\_. 2010. *Folklor Jawa*. Jakarta: Penaku.

\_\_\_\_\_. 2013. *Folklor Nusantara: Hakikat, Bentuk, dan Fungsi*. Yogyakarta: Ombak.

Koentjaraningrat. 2009. *Ilmu Antropologi*. Jakarta: Rineka Cipta.

Minsarwati, Wisnu. 2002. *Mitos Merapi dan Kearifan Ekologi Kreasi Wacana*. Yogyakarta: Kreasi Wacana.

Moleong, J. Lexy. 2010. *Metode Penelitian kualitatif Edisi Revisi*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya.

Moertjipta, dkk. 1996/1997. *Wujud, Arti dan Fungsi Puncak-puncak Kebudayaan Lama dan Asli Bagi Masyarakat Pendukungnya di Daerah Istimewa Yogyakarta*. Yogyakarta : Depdikbud.

Nasution, S. 2003. *Metode Penelitian Naturalistik Kualitatif*. Bandung: Tarsito.

Purwadi. 2005. *Upacara Tradisional Jawa*. Yogyakarta. Pustaka Pelajar.

Pusat Bahasa Departemen Pendidikan Nasional Republik Indonesia. 2001. *KBBI*. Jakarta: Balai Pustaka.

Rahyono, FX. 2009. *Kearifan Budaya Dalam Kata*. Jakarta: Penerbit Wedatama Widya Sastra.

Sukandi. 2006. *Penelitian Kualitatif Naturalistik dalam pendidikan*. Yogyakarta: Usaha Keluarga.

Yayasan Mangadeg. 1974. *Tridharma*. Jakarta : Seksi hubungan masyarakat dan Penerbitan.